

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré informasi ngeunaan sabagian dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikalangwétan Kabupatén Bandung Barat, anu baris dipaké pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP.

Dumasar kana masalah jeung tujuan panalungtikan nu dipedar dina bab saméméhna. Sabada panalungtikan, dongéng anu kakumpul ti Kacamatan Cikalangwétan aya 19 dongéng, nya éta:

- 1) “Sasakala Manuk Beureum”
- 2) “Sasakala Cikahuripan”
- 3) “Ki Mandor (Coét Kohok)”
- 4) “Embah Ngabeuhi”
- 5) “Sasakala Cadu Hajeli Hérang”
- 6) “Sasakala Cikalangwétan”
- 7) “Sasakala Tenjo Laya”
- 8) “Sasakala Cipatagumati”
- 9) “Sasakala Kampung Cihanjuang”
- 10) “Sasakala Rajamandalawétan”
- 11) “Sasakala Kampung Pojok”
- 12) “Bah Beuneur”
- 13) “Sakola Plonco”

- 14) "Palsapah Kampung Tangkil"
- 15) "Sasakala Parakan Ménak"
- 16) "Sasakala Kampung Bajigjag"
- 17) "Sasakala Kampung Kadu Pugur"
- 18) "Sasakala Kanangasari"
- 19) "Sasakala Kampung Karajan".

Tinangtu dongéng anu kakumpul sajumlah 19 téh lain mangrupa sakabéhna dongéng anu aya di kacamatan Cikalongwétan, tapi jumlah sakitu téh mangrupa dongéng anu kapanggih ti narasumber anu didatangan wungkul, boa lamun teu kawatesanan ku samporétna waktu jeung waragad mah bisa puluhan atawa bisa waé ratusan dongéng anu kakumpul téh.

Tina dongéng anu kakumpul sajumlah 19 dongéng ti Kacamatan Cikalongwétan, **15** dongéng kaasup kana wanda dongéng **sasakala, hiji** dongéng **pamuk, hiji** dongéng **sage**, jeung **dua** dongéng **pieunteungeun**. Dumasar data di luhur, wanda-wanda dongéng anu kakumpul ti Kacamatan Cikalongwétan sajumlah 19, bisa diperséntaseukeun, **78,95%** dongéng **sasakala, 5,26%** dongéng **pamuk, 5,26%** dongéng **sage**, jeung **10,53%** dongéng **pieunteungeun**.

Dina nganalisis unsur intrinsik dongéng anu kakumpul sajumlah 19 di Kacamatan Cikalongwétan téh teu sakabéhna bisa dipaluruh struktur intrinsikna, nya éta ngan 15 dongéng anu dipaluruh struktur intrinsikna, sedengkeun opat deui mah teu dipaluruh kulantaran ngan mangrupa gurat badag caritana wungkul. Narasumber teu ngécéskeun jalan caritana, palakuna, jeung naon-naon anu jadi unsur penting dina

dongéng kasebut, ngabalukarkeun hésé pikeun ditalungtik jeung dipaluruh unsur intrinsikna.

Unsur intrinsik anu dianalisis nya èta tèma, palaku, galur, latar, jeung amanat. Tèma 15 dongèng anu aya di Kacamatan Cikalangwètan nya èta 14 dongéng makè tèma ngeunaan konsepsi kahirupan anu ngatur hubungan manusa jeung manusa séjénna jeung 1 dongéng anu témana kaagamaan nya éta “Sasakala Cikahuripan”. Palaku dina dongéng anu aya di Kacamatan Cikalangwétan, aya anu jadi palaku utama aya ogé anu jadi palaku kadua atawa panambah, watakna aya anu *protagonis* jeung *antagonis*. Tina 15 dongéng anu dianalisis, kabéh maké galur mérélé. Latar tempat dina dongéng-dongéng, nya éta: di jero imah jeung di kamar (Sasakala Manuk Beureum); di Leuweung geledegan (Sasakala Cikahuripan); di Kampung Bojongséro, di gigireun kamar, di imah, jeung di Cibarusah (Ki Mandor (Coét Kohok)); Cisomang Dayeuh, Banten, Batavia, jeung Ciganalintang (Embah Ngabeuhi); di Bojongséro, di buruan imah, Leuit hajeli, jeung di pipir (Sasakala Cadu Hajeli Hérang); di Cianjur, Citarum, di sisi lembur, jeung Susukan Ciganda (Sasakala Cikalang); Cisomang Dayeuh jeung di Leuweung (Sasakala Tenjo Laya); di Balai Désa Cikalang (Sasakala Ciptagumati); Rajamandala jeung tempat tilem-timbulna Pangeran Dipati Ukur (Sasakala Kampung Cihanjuang); di Lembur (Sasakala Rajamandalawétan); di Kampung Cireundeu jeung di Léngkob (Sasakala Kampung Pojok); di Kampung Tangkil jeung Alun-alun Kampung Tangkil (Bah Beuneur); di toko-toko deson (Sakola Plonco); di Kampung Tangkil (Palsapah Kampung Tangkil); di Lembur jeung di Susukan (Sasakala Kampung Parakan Ménak). Latar waktu dina

dongéng-dongéng aya anu nuduhkeun jaman penjajahan jeung karajaan, saperti diantarana dina dongéng: “Embah Ngabeuhi” (jaman karajaan jeung jaman penjajahan Walanda), “Sasakala Cikalongwétan” (panjajahan Walanda), “Sasakala Ténjo Laya” (jaman karajaan), “Sasakala Rajamandalawétan” (jaman Hindia-Belanda), “Sasakala Kampung Pojok” (jaman panjajahan Walanda), jeung “Bah Beuneur” (jaman panjajahan Walanda), “Palsapah Kampung Tangkil” (jaman panjajahan Walanda). Salian ti éta, aya ogé anu nuduhkeun kaayaan waktu harita, saperti diantarana dina dongéng “Sasakala Manuk Beureum” (pabeubeurang jeung wanci sareupna), “Sasakala Cikahuripan” (pabeubeurang), “Ki Mandor (Coét Kohok)” (tengah peuting jeung isuk-isuk), “Sasakala Cadu Hajeli Hérang” (pabeubeurang jeung pasosoré), “Sasakala Ciptagumati” (baheula), “Sasakala Kampung Cihanjuang” (mangsa masarakat Rajamandala kakeunaan ku kasusah lahir jeung batin), “Sakola Plonco” (pabeubeurang), jeung “Sasakala Kampung Parakan Ménak” (ngagambarkeun kaayaan harita). Amanat dina 15 dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan, eusina mangrupa pituduh jeung pepeling pikeun manusa sangkan leuwih tarapti dina ngajalankeun kahirupanana.

Tina 19 dongéng anu kakumpul, 15 dongéng kasampak miboga ajén-inajén, nya éta ajén atikan moral jeung ajén atikan sosial, dina tilu dongéng, salian ti nyampak ajén atikan sosial jeung atikan moral, aya ogé nyampak ajén atikan agamana nya éta dina dongéng “Sasakala Manuk Beureum”, “Sasakala Cikahuripan”, jeung “Sasakala Rajamandalawétan”.

Satuluyna, dongéng anu kakumpul di Kacamatan Cikalongwétan Kabupatén Bandung Barat, sajumlah 19 dongéng téh, teu kabéh bisa dipaké pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP. Sabada ditalungtik kalayan gemet maké kritéria milih bahan ajar, hasil analisis struktur intrinsikna, jeung hasil analisis ajén-ajénna, sajumlah 15 dongéng bisa dipaké pikeun bahan ajar maca di SMP, sedengkeun anu opat teu bisa dipaké pikeun bahan ajar maca dongéng di SMP. Hal ieu dumasar kana kritéria milih bahan ajar. Upamana, lamun dipersentaseukeun mah sajumlah **79,95%** bisa dipaké pikeun bahan pangajaran, **21,05%** teu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran, ngan bisa dipaké pikeun pangaweruh wungkul.

Dongéng “Sasakala Manuk Beureum”, dipilih pikeun alternatif bahan ajar maca dongéng di kelas tujuh, semester hiji, anu satuluyna disusun dina silabus jeung RPP.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, panalungtik ngarekomendasikeun sababaraha saran saperti, di handap.

5.2.1 Pikeun Pamaréntah Kacamatan Cikalongwétan

Saran pikeun pamaréntah Kacamatan Cikalongwétan nya éta layanan kamasarakatan, hususna ngeunaan urusan perijinan, bisa leuwih dironjatkeun jeung dipiharep pamaréntahan Cikalongwétan leuwih taliti jeung apik dina nyimpen data, rék data anu mangrupa buku atawa data atah anu mangrupa pail komputer, sabab sababaraha waktu ka tukang, *progress report* anu eusina mangrupa infromasi ngeunaan propil désa jeung sajarah désa aya dina data anu dibeundeul mangrupa

progress report, leungit. Padahal numutkeun nu nyusunna nya éta mantan Jupén (*Juru Penerang*), néangan data, ngumpulkeun data, jeung nyusun data nepi ka mangrupa *progress report* téh, prosésna lila pisan.

5.2.2 Pikeun Masarakat Cikalongwétan

Saran pikeun masarakat Cikalongwétan, nya éta mumulé jeung lamun bisa mah dokuméntasikeun dongéng-dongéng anu aya di wewengkonna séwang-séwangan, hususna daerah anu aya di Kacamatan Cikalongwétan. Panalungtik ngarasa, kokolot jeung tokoh-tokoh masarakat anu aya di Kacamatan Cikalongwétan, beuki dieu, beuki ngurangan, padahal maranéhna téh, saeutik gedéna mangrupa panumbu catur atawa jalma anu bisa jadi narasumber ngeunaan dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan. Ku kituna sabisa-bisa kudu dimumulé rék ku cara naon waé, sangkan dongéng-dongéng anu aya di Kacamatan Cikalongwétan teu leungit.

5.2.3 Pikeun Mahasiswa

Saran pikeun mahasiswa, nya éta dipiharep loba mahasiswa anu nalungtik ngeunaan dongéng-dongéng atawa carita rayat anu aya di nagara Indonésia umumna jeung wilayah Jawa Barat hususna, sabab hal éta salian ti bisa pikeun ngaréngsékeun tugas ahir, tapi ogé bisa jadi tarekah pikeun ngamumulé jeung ngamekarkeun dongéng-dongéng anu aya di wilayahna séwang-séwangan.

5.2.4 Pikeun Guru Mata Pelajaran Basa Sunda

Saran pikeun guru mata pelajaran basa Sunda hususna anu aya di Kacamatan Cikalongwétan nya éta dipiharep guru mata pelajaran basa Sunda mampuh tur

parigel milih bahan pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran sastra carita rayat (dongéng), sangkan luyu jeung kahayang siswa, sabab 19 dongéng anu kakumpul ti Kacamatan Cikalongwétan, 15 dongéng diantarana bisa dipaké pikeun bahan ajar, ku kituna, tina 15 dongéng éta bisa dipilih salah sahiji pikeun dijadikeun bahan pangajaran dongéng disakola SMP anu aya di Kacamatan Cikalongwétan, sangkan siswa wanoh jeung apal kana dongéng anu aya di wewengkonna séwang-séwangan.

